

Non Lekòl la

Paran ak Gadyen Legal

Fòm Konsantman pou konsyantizasyon sou arè kadyak sibit

Fòm konsantman pou konsyantizasyon sou arè kadyak sibit pou paran ak gadyen legal te devlope pou bay paran ak gadyen legal etidyan-atlèt yo enfòmasyon ki resan epi enpòtan sou zafè arè kadyak oswa SCA. Chak ane nou gen pou obligasyon pou nou li fòm nan, siyen li, mete dat sou li epi remèt lekòl etidyan-atlèt yo, ki endike paran oubyen gadyen legal etidyan-atlèt bay otorizasyon pou etidyan atlèt patisipe andedan oswa atlèt entèskolè.

1^{er} Pati : Kisa ki arè kadyak sibit?

Arè kadyak sibit (SCA) se lè kè a sanzatan sispansyon pou yon moman. Lè sa rive, san pa sikile pou ale nan sèvo a avèk lot ògan vital epi , si yo pa trete li, nan yon bat je ka lakòz lanmò. SCA pa rive sèlman nan moun ki granmoun; li ka pran lavi etidyan tou. Sepandan, kòz SCA nan etidyan ak granmoun kapab diferan. SCA nan etidyan ka soti nan fanmi, anpil chalè / dezidratasyon, oubyen yon kou nan lestomak, aloske SCA nan granmoun koze pa atak kadyak. SCA pa yon atak kadyak. Yon atak kadyak ka lakòz yon SCA, men yo pa menm bagay. Yon atak kadyak se yon blokaj ki anpeche san an sikile nan kè a, alòs ke yon SCA se yon pwoblèm nan sistèm elektrik kè a, sa ki kòz kè a ap bat nan yon rit rapid ak enstab.

2^{eme} Pati: Eske arè kadyak sibit la komen?

SCA se premye kòz lanmò nan granmoun nan peyi sa. Se yonn nan kòz lanmò ki pi enpòtan nan etidyan atlèt. Anviwon 300,000 arè kadyak rive andeyò lopital yo chak ane. Selon yon etid ki fèt an Avril 2014 pou PubMed, insidans aktyèl SCA se:

- 0.63 pou 100,000 etidyan (6 sou 1,000,000)
- 1.14 pou 100,000 etidyan-atlèt (11 sou 1,000,000)
- 0.31 pou 100,000 etidyan ki pa atlèt (3 sou 1,000,000)
- Genyen yon pi gwo risk pou SCA nan ti gason pase tifi

Kòz ki pi enpòtan nan lanmò sibit pami atlèt lekòl segondè ak kolèj, dapre National Collegiate Athletic Association (NCAA), se kout chalè, maladi kè, ak karakteristik ki asosye ak anemi falsifòm. Menm etid sa konkli ke prevansyon lanmò sibit li asosye avèk tès depistaj kadyak pi avanse avèk yon atansyon espesyal nan istwa medikal, ak dosye nesans, amelyore pwosedi ijans, bon antrènman, ak pwatik kondisyonman. Yo ka anpeche SCA si yo ka diagnostike avèk trete kòz ki egziste a.

SCA se yon ijans medikal . Si li pa trete tou swit li ka lakòz domaj irevèsib nan ògan ak nan sèvo epi li ka menm lakòz lanmò tou. Avèk swen medikal apwopriye, sepandan, li posib pou ou ka siviv. Administratè resisitasyon kadyopulmonè (CPR) — oubyen sèlman konpresyon lestomak—ka amelyore chans li pou viv pou jis pèsònèl ijans rive.

<http://www.mayoclinic.org/diseases-conditions/sudden-cardiac-arrest/basics/definition/con-20042982>

3^{eme} Pati: Ki siy avètisman ak sentom arè kadyak sibit.?

Byenke SCA rive sanzatan, yon seri moun ka gen siy ak sentom, tankou: pèdi konesans, konvilsyon pandan egzèsis; souf kout ou pa ka eksplike; vètij; fatig ekstrèm; doulè nan pwatrin; oswa kè bat fò. Sentom sa yo ka pa klè nan atlèt paske moun konn konfonn siy avètisman sa yo ak fatig fizik.

Risk aktivite kontini apre ou fè eksperyans siy ak sentom avètisman.

Gen risk serye ki asosye lè ou kontinye pratike oubyen kontinye jwe lè ou fin santi sentom sa yo. Lè kè a pa ponpe nòmal ankò, sèvo ak lòt ògan vital gen gwo pwoblèm. Lanmò oswa domaj pèmanan nan sèvo ka rive byen rapid. La plipa moun ki fe SCA ap mouri de li. Kelkeswa etidyan-atlèt ki montre siy oswa sentom SCA dwe kite aktivite atletik tou swit.

4^{eme} Pati: Kisa ki ta dwe fet lè yon moun fè yon arè kadyak sibit?

Lè yon moun fè eksperyans SCA, fòk yo fè twa aksyon tou swit:

1st: Chèche èd , Rele pou asistans, Rele 911.

2nd: Kòmanse CPR! Kòmanse CPR avèk men sèlman.

3rd: Tache epi aktive yon defibrillate otomatik ekstèn (AED)! Yo ta dwe tache, aktive epi moun kap itilize la ta dwe swiv machaswiv. Aparey AED ta dwe kapab fè konnen si yo ta dwe bay chòk la nan kè oswa si yo ta dwe kontinye CPR san chòk. Si AED detèmine ke yo ta dwe administre yon chòk, lap bay enstriksyon pou fè konnen kòman pou nou kontinye.

Sèlman itilizasyon CPR ak AED pwouve ke li ka fè yon moun soti nan sitiyasyon arè kadyak.

Pou chak minit yon moun pa resevwa chòk la chans pou li viv diminye de 10% pa minit. Sonje ke tan repons sèvis ijans (EMS) se 5-8 minit. AED pap pèmèt moun kap itilize aparèy la pou bay yon shock si li pa nesèsè klinikman. Moun kap itilize AED kapab tache aparèy la sou moun ki soufri SCA, limen li epi pouse bouton chòk la, AED pap pèmèt yon chòk si li pa jistifye. Okenn domaj paka rive lè ou mete AED sou yon moun.

Retounen nan jwèt la.

Avan li tounen nan jwèt la, yon doktè lisansye ta dwe evalye atlèt la. Aprè evalyasyon, medikal pwofesyonèl lisansye a ta dwe bay otorizasyon ekri anvan etidyan atlèt la retounen angage nan kelkeswa aktivite atletik.

5^{eme} Pati: *Konsèy Lokal Edikasyon sou zafè Arè Kadyak Sibit*

***** Mete yon rezime nan tablo lokal la nan politik edikasyon sou zafè SCA. *****

Rezime

- SCA pa definisyon ka parèt sanzatan.
- SCA ka parèt nan moun ki sanble an sante epi ki pa gen okenn maladi kadyak. Majorite moun ki gen CSA mouri de li jeneralman nan kèk minit.
- Trètman rapid SCA ak CPR epi AED ka sove lavi.
- Antrènman pou rekonèt siy SCA epi disponibilite AED ak pèsònèl ki genyen antrènman pou itilize li ka sove lavi yon moun i fè SCA.

[National Heart, Lung and Blood Institute: http://www.nhlbi.nih.gov/health/health-topics/topics/scda](http://www.nhlbi.nih.gov/health/health-topics/topics/scda)

Mwen li epi mwen konprann fòm konsantman ki metem okouran arè kadyak sibit pou paran ak gadyen legal epi mwen konprann severite asosye ak arè kadyak sibit (SCA) epi nesèsite ke genyen pou trètman imedia kelkeswa kondisyon sispèk.

Mwen otorize _____ pou patisipe nan _____ pou ane lekòl _____
(Non Elèv) (Espò/Aktivite)

Non Paran/Gadyen: _____ Dat: _____ Siyati: _____
(Enprime Non)

Sous/Resous:

Simons Fund - <http://www.simonsfund.org/>

Pennsylvania Department of Health - http://www.simonsfund.org/wp-content/uploads/2012/06/Parent-Handout_SCA.pdf

Mayo Clinic - <http://www.mayoclinic.org/diseases-conditions/sudden-cardiac-arrest/basics/definition/con-20042982>

National Heart, Lung and Blood Institute (NHLBI) - <http://www.nhlbi.nih.gov/health/health-topics/topics/scda>

American Heart Association (AHA) - <http://www.heart.org>

Contact Translations Services at 860.823.6284 or ts@norwichpublicschools.org for translations in Spanish, Haitian Creole or Chinese. Para servicios de traducción contáctenos al 860.823.6284 o al correo ts@norwichpublicschools.org para traducciones en Español, Criollo Haitiano o Chino. 如果您需要翻译服务，请拨打 860.823.6284 或者 ts@norwichpublicschools.org 可翻译的语言有西班牙语，海地/海地克里奥尔语，和中文。 Pou ayisyen ki pale kreol selman, si ou gen on dokiman ou bezwen tradwi, kontakte nou nan nimero sa 860.823.6284 ou byen sou entenet nan ts@norwichpublicschools.org Nou tradwi tou an panyol ak chinwa.